

## Kalandriye Ane Lekòl 2023 -2024 Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

Sa a se kalandriye ane lekòl 2023-24 pou tout lekòl leta 3K–12 NYCDOE. Si pitit ou a nan yon lekòl prive, lekòl pawasyal, nan yon lekòl charter school, yon Sant edikasyon pou debitan NYC (NYCEEC) oswa nan yon pwogram gadri adomisil, tanpri kontakte lekòl pitit ou a pou jwenn enfòmasyon sou kalandriye a. Tanpri sonje bagay sa yo:

- Nan jou lè bilding lekòl yo fèmen akòz move tan oswa lòt sitiyasyon ijans, tout elèv ak fanmi ta dwe planifye pou patisipe nan aprantisaj adistans.
- Dat pou konferans paran-pwofesè pou lekòl endividyèl kapab diferan avèk dat ki pi ba yo. Pwofesè pitit ou a ap travay avèk ou pou pran randevou pou yon konferans.
- Nan orè sa a, yo defini **lekòl primè** kòm pwogram ki gen klas kindergarten (K) jiska 8yèm ane, ladan lekòl ki gen pwogram 3-K ak Pre-K, ansanm avèk sa yo ki fini nan klas 5yèm ane. Yo defini **lekòl presegondè** kòm pwogram ki gen klas 6yèm–8yèm ane, epi yo defini **lekòl segondè** kòm pwogram ki gen klas 9yèm–12yèm ane.

DAT	JOU LASEMÈN	AKTIVITE
7 septanm	Jedi	Premye jou lekòl
14 septanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl primè ak Sant Pre-K
21 septanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75
25 septanm	Lendi	Yom Kippur, pa gen lekòl
28 septanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl segondè, K–12, ak lekòl 6–12
9 oktòb	Lendi	Jou eritaj italyen/Jou moun endijèn, pa gen lekòl
2 novanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi ak nan aswè pou lekòl primè; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
7 novanm	Madi	Jou eleksyon, pa gen lekòl pou elèv
9 novanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi ak nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
16 novanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl segondè, K–12, ak lekòl 6-12
17 novanm	Vandredi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi ak nan aswè pou lekòl segondè, lekòl ki gen klas K–12 ak 6–12; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
23-24 novanm	Jedi–Vandredi	Vakans Thanksgiving, pa gen lekòl
25 desanm – 1ye janvyè	Lendi–Lendi	Vakans Ivè, lekòl fèmen
15 janvyè	Lendi	Fèt Rev. Dr. Martin Luther King Jr, pa gen lekòl
23– 26 janvyè	Madi - Vandredi	Egzamen Regents

29 janvye	Lendi	Jou fòmasyon pwofesyonèl; pa gen lekòl pou elèv ki nan lekòl segondè ak lekòl 6-12, gen lekòl pou tout lòt elèv
30 janvye	Madi	Sèmès prentan kòmanse
19-23 fevriye	Lendi–Vandredi	Vakans mwaye Ivè: lekòl fèmen
7 mas	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi ak nan aswè pou lekòl primè ak nan ak Sant Pre-K; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
14 mas	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi ak nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
21 mas	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl segondè, K–12, ak lekòl 6-12
22 mas	Vandredi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi pou lekòl presegondè, lekòl K–12 ak 6–12; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
29mas –1ye april	Vandredi–Lendi	Wikenn Pak, pa gen lekòl
10 avril	Mèkredi	Eid al-Fitr, pa gen lekòl
22-30 avril	Lendi–Madi	Vakans Prentan, pa gen lekòl
9 me	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl primè ak Sant Pre-K
16 me	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75
23 me	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl segondè, I K–12, ak lekòl 6-12
27 me	Lendi	Memorial Day, lekòl fèmen
4 jen	Madi	Egzamen Regents nan Aljèb
6 jen	Jedi	Jou Anivèsè, Jou konferans Chanselye pou fòmasyon estaf; pa gen lekòl pou elèv jou sa a.
7 jen	Vandredi	Jounen klerikal; pa gen lekòl pou elèv ki nan 3-K, Pre-K, lekòl primè, lekòl presegondè, lekòl K–12, ak pwogram otonòm D75.
14-26 jen	Vandredi–Mèkredi	Egzamen Regents (eksepte 17 jen ak 19 jen, lè pa gen lekòl)
17 jen	Lendi	Eid al-Adha, pa gen lekòl
19 jen	Mèkredi	Juneteenth, pa gen lekòl
26 jen	Mèkredi	Dènye jou lekòl pou elèv